

Aplikasyon Inifòm pou Asistans Finansyè Lopital nan Eta New York **(New York State, NYS)**

Ou kapab elijib pou asistans finansyè lopital pou peye fakti w yo si w pa gen asirans, si asirans ou an fin itilize, oswa si w gen asirans sante men ou ka pwouve depans medikal ou peye yo totalize plis pase 10% revni ou. Ranpli fòm sa a pral kòmanse aplikasyon w lan pou asistans finansyè lopital. Tout lopital nan Eta New York itilize fòm sa a.

Aplikasyon sa a dwe enprime nan lang¹ prensipal pasyan yo desèvi nan lopital la.

Non Pasyan an (konplete enfòmasyon ki aplikab)

Non Pasyan an (Prenon, Dezyèm Prenon, Non fanmi)		
Dat Nesans (mm/jj/ aaaa)		
Adrès	Nimewo Apatman/Inite	
Vil	Eta	Kòd Postal
Nimewo Telefòn Kontak		
Non Paran/Responsab Legal oswa Reprezante Legal la (si pasyan an se yon timoun minè oswa yon adilt ki gen enkapasite)		
Adrès Imèl (si genyen)		

Enfòmasyon sou Fanmi an:

Tanpri endike anba tout manm fanmi ki nan fwaye ou. Fwaye ou gen ladan oumenm, konjwen ou oswa patnè domestik ou, ak nenpòt timoun oswa lòt moun ki sou kont ou. Egzanp, sa gen ladan tout moun ki sou menm deklarasyon taks.

Revni brit vle di revni ou **anvan** yo dedwi taks.

Revni brit ka gen ladan revni ou touche (salè, tep, revni travay endepandan), revni ou pa touche (sekirite sosyal, avantaj andikap, ak avantaj chomaj), kontribisyon (asistans finansyè nan men fanmi oswa zanmi), ak lòt sous revni (asistans tanporè ak revni sekirite siplemantè).

Non Konplè	Relasyon	Revni Brit Total (Aktyèl)
	Mwen menm	

¹ “Lang Prensipal yo” gen ladan nenpòt lang ki itilize pou kominike pandan omwen 5% vizit pasyan chak ane, oswa nenpòt lang plis pase 1% nan popilasyon ki nan zòn sèvis prensipal lopital la pale selon enfòmasyon demografik ki disponib nan Biwo Resansman Ameriken an, konplete ak done ki soti nan sistèm lekòl yo.

Lopital la kapab mande w pou soumèt dokiman kòm prèv revni; Egzanp dokiman yo kapab gen ladan yon souch pèman, yon lèt anplwayè w la si sa aplikab, oswa Fòm 1040.

Estat Asirans Sante

Èske ou gen yon fòm asirans sante, tankou Medicaid, Medicare, oswa asirans prive atravè anplwayè w la oswa ou achte poukont ou?

☐ Wi ☐ Non

Si w reponn “Non,” èske w ta renmen èd pou w aplike pou youn nan pwogram sa yo?

☐ Wi ☐ Non

Pasyan ki pa gen ase asirans: Moun ki gen asirans men ki gen gwo depans medikal. Si ou gen asirans, tanpri bay yon estimasyon fakti medikal ou te peye nan 12 mwa ki sot pase yo

\$

Lopital la kapab mande w pou soumèt dokiman kòm prèv depans medikal ou peye.

Pasyan/Pati Responsab la: Si moun ki siyen fòm sa a se pa pasyan an, endike non li ak otorite li genyen pou li siyen nan non pasyan an (egzanp, konjwen, paran, reprezantan legal).

Mwen konprann gen sous ekstèn ki kapab verifye enfòmasyon Mwen soumèt yo. Mwen sètifye enfòmasyon yo se laverite epi yo konplè dapre sa mwen konnen.

Non An Lèt Detache	Dat
Relasyon ak Pasyan an	
Siyati	